УДК 811.35
DOI: 10.31007/2306-5826-2019-3-42-115-121

# АДЫГЭ (КЪЭБЭРДЕЙ-ШЭРДЖЭС) ЛИТЕРАТУРЭБЗЭМ И МАКЪ ДЭКIУАШЭХЭМ Я ФОНОЛОГИЕ СИСТЕМЭР

**Абазэ Маритэ Мухьэмэд ипхъу**, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиалым и адыгэбзэ секторым и лэжьакIуэ нэхъыжь, marita.abazova@yandex.ru

Лэжьыгъэр теухуащ адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэбзэм и макъ дэкIуашэхэм я фонологие системэр зэпкърыхыным. Адыгэбзэ макъ дэкIуашэхэр джыным бзэщIэныгъэлIхэм мызэ-мытIэу зыхуагъэзащ. Абыхэм я лэжьыгъэхэр тегъэщIапIэ тщIыуэрэ, ахэр зэдгъапщэурэ, макъ дэкIуашэхэм я системэр зэрызэфIэувам, абыхэм я тхыдэм дриплъэжащ, зэгъэпщэныгъэ, къэхутэныгъэ Iэмалхэр къэдгъэсэбэпурэ. Къыхэдгъэщащ макъ дэкIуашэхэр къызэрыхъу щIыкIэм, къыщыхъу щIыпIэхэм елъытауэ гуэша зэрыхъухэр. Абыхэм сатырищ къагъэхъу: жьгъыжьгъ – дэгу – пIытауэ гъусэ зэхуохъу. Языныкъуэ макъ дэкIуашэхэм IупщIэIуш (лабиализованнэ) – IупщIэIумышу (мылабиализованнэ), жьгъыжьгъ – дэгуу сатыритI къагъэхъуу гуэгъу зэрызыхуэхъухэр ъыщыдгъэлъэгъуащ. Ди лэжьыгъэм япэ дыдэу БищIо Б.Ч. (ф. щI. д.) адыгэбзэкIэ зэридзэкIа бзэщIэныгъэм ехьэлIа фIэщыгъэцIэхэр (терминхэр) къэдгъэсэбэпурэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и макъ дэкIуашэхэм я системэр щыдгъэнаIуащ. Мы статьям нэIурыт ещI фонемэзешэу мащIэ дыдэ фIэкIа зимыIэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и макъ дэкIуашэхэр куэд зэрыхъур. Адрей бзэхэм къащхьэщыкIыу адыгэбзэм и макъ дэкIуашэхэр гупышхуитIу ягуэш: 1) зы макъ сатырыр жьгъыжьгъыу, пIытIауэ, дэгуу къакIуэу; 2) гупым IупщIэIушрэ IупщIэIумышу, жьгъыжьгърэ дэгуу фонемэ дэкIуашэхэм сатыр къагъэхъу.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэ, фонемэ, макъ дэкIуашэхэр, дэкIуашэ жьгъыжьгъ, макъ дэкIуашэ дэгу, макъ дэкIуашэ пIытIа.

Адыгэбзэм и фонетикэр, морфологиери щIыгъуу, япэ дыдэ нэхъ зыубгъуауэ щызэпкърыхар Л.Г. Лопатинскэм и лэжьыгъэхэрщ. [Лопатинский 1891]. Совет властым и лъэхъэнэрщ адыгэбзэр нэхъ кууу э джын щыщIадзар. 1923 гъ. Н.Ф. Яковлевым къыдигъэкIащ адыгэбзэ фонетикэм и зэхэтыкIэр щыгъэнэIуа «Адыгэ фонетикэм и таблицэ» -р [Яковлев 1923].

Адыгэбзэм и фонетикэр джыным, ар нэхъ кууэ зэпкърыхыным елэжьащ бзэщIэныгъэлIхэу Яковлев Н.Ф. [Яковлев 1923], Турчанинов Г.Ф., Цагъуэ М.Б. [Турчанинов, Цагов 1940], Балъкъэр Б.Хь. [Балкаров 1970], Урыс Хь.Щ. [Урыс 2000, 2001], Къумахуэ М.I. [Кумахов 1981], Тау Хь.Т. [Тау, Урыс 2008], н. Зи цIэ къитIуа щIэныгъэлIхэм адыгэбзэм и макъхэр зыхуэдэр, ахэр къызэрыхъу щIыкIэхэр, къыщыхъу щIыпIэхэр, гуэша зэрыхъу щIыкIэхэр ягъэнэIуащ, дэтхэнэ зыми езым и еплъыкIэр къагъэлъэгъуащ. АдыгэбзэкIэ тхауэ щыIэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр щыдджкIэ нэрылъагъу мэхъу урысыбзэ терминхэр (фIэщыгъэцIэхэр) тегъэщIапIэ зэращIар. Абы къыхэкIыу, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа щIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэхэм къыпытщэу мы статьям къалэн нэхъыщхьэу щызыхуэдгъэувыжар иджырей адыгэбзэм и макъ дэкIуашэхэр зэригуэшыр, къыщыхъу, къызэрыхъу щIыкIэ елъытауэ зыхуэдэр, бзэщIэныгъэм ехьэлIа фIэщыгъэцIэ БищIо Б.Ч. зэридзэкIахэр къэдгъэсэбэпурэ, дубзыхунырщ. Бзэр джыныр къыщыщIадзэр абы и макъхэрщ, ахэр зыхуэдэр адыгэбзэ терминхэмкIэ къэтIуэтэфу щытыныр, терминхэр адыгэ бзэщIэныгъэм хэпщэныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ.

Адыгэбзэр макъкIэ (фонемэкIэ) къулейщ, ахэр 55-рэ мэхъу, макъ дэкIуашэрэ макъзешэу егуэшыж. Фонемэ дэкIуашэхэм я бжыгъэ и лъэныкъуэкIэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ адрей къухьэпIэ-кавказыбзэхэмрэ дуней псом увыпIэ хэха щаубыд. Ди бзэм и макъ дэкIуашэхэр куэд хъуурэ, макъзешэхэр мащIэ дыдэу щытщ: фонемэу щыту иIэщ макъзешэу блырэ макъ дэкIуашэу плIыщIрэ ирэ.

Къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэм и макъ дэкIуашэхэм я фонологие системэр гупитI мэхъу. Япэ гупым хыхьэ макъ дэкIуашэхэр гуэшащ къыщыхъу щIыпIэрэ къызэрыхъу щIыкIэкIэ зэщхьхэу, щырыщуи гъусэ зэхуохъу: жьгъыжьгъыу, дэгуу, пIытIауэ:

| Жьгъыжьгъхэр | дэгухэр | пIытIахэр |
|---|---|---|
| *б* | *п* | *пI* |
| *в* | *ф* | *фI* |
| *гу* | *ку* | *кIу* |
| *д* | *т* | *тI* |
| *дж* | *ч* | *кI* |
| *дз* | *ц* | *цI* |
| *жь* | *щ* | *щI* |
| *л* | *лъ* | *лI* [Урыс 2001 н., 9]. |

ЕтIуанэ гупым хыхьэ макъ дэкIуашэ укъуэдияиплIыр, макъ жьгъыжьгърэ дэгуу гуэгъу зэхуохъу:

| жьгъыжьгъхэр | дэгухэр |
|---|---|
| *з* | *с* |
| *ж* | *ш* |
| *г* | *х* |
| *гъ* | *къ* |

Макъ дэкIуашэ дэгу *кхъ*-мрэ, *хь*-мрэ, пIыта *къ*-мрэ *I*-мрэ сатыр (ряд) ныкъуэхэр къагъэхъу, гуэгъуншэхэщ. Языныкъуэ макъ дэкIуашэхэр IупщIэIуш макъ дэкIуашэхэрэ (лабиализованнэ) IупщIэIумыш макъ дэкIуашэу (мылабиализованнэ) гуэгъу зэхуэхъуу къокIуэ:

| IупщIэIумыш макъ дэкIуашэхэр | IупщIэIуш макъ дэкIуашэхэр |
|---|---|
| *х* | *ху* |
| *гъ* | *гъу* |
| *хъ* | *хъу* |
| *къ* | *къу* |
| *кхъ* | *кхъу* |
| *I* | *Iу* |

IупщIэIуш бзэгу лъэдакъэ макъ дэкIуашэ *гу, ку, кIу*-хэм я IупщIэIумыш макъ дэкIуашэ гуэгъухэр иджырей адыгэбзэм къыщагъэсэбэпыжыркъым.

IупщIэIуш макъ дэкIуашэхэм яхэтщ жьгъыжьгъи (*гу, гъу*), дэгуи (к*у, кхъу, ху, хъу*), пIытIаи (*кIу, къу, Iу*). ЩIэжьыуэ макъ дэкIуашэ *й, м, н, р, у*-хэм гуэгъу яIэкъым. Абыхэм даущым щIэжьууэр щебэкIыу, макъ жьгъыжьгъым нэхърэ нэхъ жьгъыжьгъыу щытщ. Макъ дэкIуашэ жьгъыжьгъым даущыр щынэхъыбэщ щIэжьыуэм нэхърэ. Макъ дэкIуашэ дэгухэри пIытIахэри даущ къудейуэ зэхэтщ. Макъ дэкIуашэр нэхъыбэу къэзыгъэхъур даущыращ.

## *МАКЪ ДЭКIУАШЭХЭМ Я ГУЭШЫКIЭР*

### 1. Макъ дэкIуашэ къыщиудхэр IупитI макъ къыщиуд б, п, пI, м

а) ***б*** – IупитI, къыщиуд, жьгъыжьгъ макъщ: ***б****лагъэ, Къэ****б****эрдей,* ***б****ажэ,* ***б****ауэкIэщI,* ***б****эрэжьей,* ***б****гъэдэувэн, гъэ****б****ыдэн, зэ****б****зэгъу, н.;*

б) ***п***- IупитI, къыщиуд, дэгу макъщ: ***п****агэ,* ***п****эрыхьэт,* ***п****ежэжьэн,* ***п****лъыжь,* ***п****салъэмакъыншэу, те****п****сэн, зы****п****лъыххьакIуэ, н.;*

в) ***пI***- IупитI, къыщиуд, пIытIа макъщ: ***пI****алъэ,* ***пI****эщIэгъуэ,* ***пI****астэ,* ***пI****ыры****пI****, къэ****пI****этIэуэн, на****пI****э, те****пI****эн, хэ****пI****иикIын, н.;*

г) ***м***- IупитI, къыщиуд, щIэжьыуэ, пэкIуэцI макъщ: ***м****ахуэ,* ***м****эракIуэ,* ***м****ыл,* ***м****ыхъумэ, у****м****ыщIэххэу, хуэ****м****, лъэ****м****ыж, нэ****м****ысыфIэ, н.*

**Бзэгупэ макъ къыщиуд *д, т, тI***

а) ***д*** – бзэгупэ, къыщиуд, жьгъыжьгъ макъщ: ***д****ахэ,* ***д****уней,* ***д****ыщэ, е****д****эуэн, къэ****д****а-бэ, нэ****д****, лъэпэ****д****,* ***д****ыхьэшхэн, н.;*

б) ***т***- бзэгупэ, къыщиуд, дэгу макъщ: ***т****анэ,* ***т****аурыхъ,* ***т****егуэшэн,* ***т****ыгъэ, ма****т****э, убзы****т****эн,фэ****т****ыджэн,ша****т****э, н.;*

*в*) ***тI*** – бзэгупэ, къыщиуд, пIытIа, дэгу макъщ*:* ***тI****асхъапIэ,* ***тI****экIу-****тI****экIу,* ***тI****ыркъэн,* ***тI****а****тI****э,* ***тI****ысыпIэ, у****тI****эрэзын, хэ****тI****эн, къэ****тI****ын, н.*

**Бзэгупэ макъ къыщиуд-укъуэдия щIэфие (свистящэ)**
**зэхэт *дз, ц, цI***

*а*) ***дз*** – бзэгупэ макъщ, къыщиуд-укъуэдиящ, щIэфиещ, жьгъыжьгъщ, зэхэтщ. *Дз*-р – къыщиуд *д*-рэ + укъуэдия *з*-уэ зэхэлъщ: ***дз****акIэ,* ***дз****э,* ***дз****ыхьмыщI, дэ****дз****еин,* ***дз****ыгъуэ, зэ****дз****экIын, кIэб****дз****, н.;*

*б*) ***ц-*** бзэгупэ макъщ, къыщиуд-укъуэдиящ, щIэфиещ, дэгущ, зэхэтщ. *Ц-р* къыщиуд *т*-рэ+укъуэдия *с*-рэу зэхэлъщ*:* ***ц****ей,* ***ц****ы,* ***ц****ыжьбанэ, бзэгу****ц****э, щхьэ****ц****, нэщхъы-****ц****э, хьэ****ц****ыбанэ, н.;*

*в*) ***цI***- бзэгупэ макъщ, къыщиуд-укъуэдиящ, щIэфиещ, пIытIащ, зэхэтщ. *ЦI*-р къыщиуд *тI*-рэ+укъуэдия *с*-рэу зэхэлъщ: ***цI****анлъэ,* ***цI****ыху,* ***цI****э,* ***цI****ыкIу-****цI****ыкIуу, унэ****цI****э, хьэпIа****цI****э, щхьэку****цI****, н.*

**Бзэгупэ макъ къыщиуд-укъуэдия лъылъылъ (шипящэ)**
**зэхэт *дж, ч, кI***

а) ***дж*** – бзэгупэ макъщ, къыщиуд-укъуэдиящ, лъылъылъщ, жьгъыжьгъщ зэ-хэтщ. *Дж*-р къыщиуд *д*-рэ+*ж*-уэ зэхэлъщ: ***дж****анэ,* ***дж****эду,* ***дж****ыдэ,* ***дж****эгу, уэз-****дж****ынэ, тэ****дж****ын, сэ****дж****ыт, н.;*

б) ***ч***- бзэгупэ макъщ, къыщиуд-къуэдиящ, лъылъылъщ, дэгущ зэхэтщ. *Ч*-р *т*-рэ+*ш*-уэ зэхэлъщ: ***ч****энджэщ,* ***ч****ачэу,* ***ч****ымпэ,* ***ч****эзу,* ***ч****ыцI, бэшэ****ч****, шэ****ч****ын, къэ****ч****эн, н.;*

в) **кI (чI)**- бзэгупэ макъщ, къыщиуд-укъуэдиящ, лъылъылъщ, пIытIащ зэхэтщ. *КI*-р къыщиуд *тI*+укъуэдия *ш*-уэ зэхэлъщ: ***кI****апэ,* ***кI****эзызын,* ***кI****ыгуугу,* ***кI****эух, зы****кI****и, хьэ****кI****экхъуэ****кI****э, дэ****кI****ыгъуей, н.*

**Бзэгу лъэдакъэ IупщIэIуш (лабиализованнэ) къыщиуд макъ *гу, ку, кIу***

Макъ дэкIуашэхэр зэрызэхыхьам ипкъ иткIэ бзэгу лъэдакъэ къыщиуд *г, к, кI*-хэр бзэгупэ макъ къыщиуд-укъуэдия лъылъылъ зэхэт *дж, ч, кI* хъуащ. IупщIэIуш лIэужьыгъуэ бзэгу лъэдакъэ къыщиуд макъ дэкIуашэхэр къэбэрдей-шэрджэсыбзэми адыгеибзэми къыхэнащ.

а) **гу**- бзэгу лъэдакъэ, къыщиуд, IупщIэIуш, жьгъыжьгъ макъщ: ***гу****гъэ,* ***гу****апэ,* ***гу****рыщIэ, гъуэ****гу****, гъэ****гу****фIэн,* ***гу****фIапщIэ, жьэ****гу****, зэ****гу****элъхьэн, н.;*

б) **ку** – бзэгу лъэдакъэ, къыщиуд, IупщIэIуш, дэгу макъщ: ***ку****сэ,* ***ку****эд,* ***ку****цI,* ***ку****-уагъ, кIэ****ку****эку****эн, жэмы****ку****э, нэ****ку****гъуэ, дэ****ку****эн, н.;*

в) **кIу** – бзэгу лъэдакъэ, къыщиуд, IупщIэIуш, пIытIа макъщ: ***кIу****апIэ,* ***кIу****эцI,* ***кIу****н, дэ****кIу****эн, и****кIу****тын,зэ****кIу****экIын, е****кIу****элIапIэ, н.*

**Тэмакъыщхьэ макъ дэкIуашэ къыщиуд *къ, къу, кхъ, кхъу***

а) **къ-** тэмакъыщхьэ, къыщиуд, IупщIэIумыш, дэгу, пIытIа макъщ: ***къ****амэ,* ***къ****экIыгъэ,* ***къ****егулIын,* ***къ****ыдэкIын,* ***къ****ы****къ****, да****къ****и****къ****э, псалъэма****къ****, зы****къ****ом, н.;*

б) **къу** – тэмакъыщхьэ, къыщиуд, IупщIэIуш, дэгу, пIытIа макъщ*:* ***къу****ажэ,* ***къу****эгъэнапIэ,* ***къу****лыкъущIэ,* ***къу****дейуэ,* ***къу****ейщIей, лъэба****къу****э, щы****къу****н, язы-ны****къу****э, н.;*

в) **кхъ** – тэмакъыщхьэ, къыщиуд, IупщIэIумыш, дэгу макъщ*:* ***кхъ****апIэ,* ***кхъ****ахэ,* ***кхъ****ыIэ,* ***кхъ****э,* ***кхъ****эдэкI, н.;*

г) **кхъу** – тэмакъыщхьэ, къыщиуд, IупщIэIуш, дэгу макъщ: ***кхъу****афэжьей,* ***кхъу****жьей,* ***кхъу****хьлъатэ, щIа****кхъу****э,* ***кхъу****ей, хьэкIэ****кхъу****экIэ, н.*

**ТэмакъыщIэ макъ дэкIуашэ къыщиуд *I, Iу***

а) **I** – тэмакъыщIэ, къыщиуд, IупщIэIумыш (мылабиализованнэ), дэгу, пIытIа макъщ: ***I**энэ, **I**эджэкIэ, **I**эрыхуэн, **I**ыхьэ-**I**ыхьэу, мы**I**эрысэ, пы**I**эжьынэ, те**I**этыкIын, н.;*

б) **Iу**- тэмакъыщIэ, къыщиуд, IупщIэIуш, дэгу, пIытIа макъщ: ***Iу**ащхьэ, **Iу**данэ, **Iу**лъэдэн, **Iу**гъуэ, **Iу**щыщэ, те**Iу**лIэн, щIэ**Iу**этыхьын, н.*

**2. Макъ дэкIуашэ укъуэдияхэм я системэр**
**Iупэ-дзэ макъ дэкIуашэ укъуэдия в, ф, фI**

*а*) **в** – Iупэ-дзэ макъ, укъуэдия, жьгъыжьгъщ: ***в**агъуэ, **в**акъэ, гъэгу**в**эн, н.;*

*б*) **ф**- Iупэ-дзэ макъ, укъуэдия, дэгущ: ***ф**ащэ, **ф**эеплъ, **ф**ыщIын, н.;*

*в*) **фI** – Iупэ-дзэ макъ, укъуэдия, пIытIа, дэгущ: ***фI**эра**фI**э, **фI**анэ, **фI**э**фI**у, н.*

**Бзэгубгъу-дзэбгъу макъ дэкIуашэ укъуэдия л, лъ, лI**

*а*) **л** – бзэгубгъу-дзэбгъу макъ дэкIуашэ укъуэдиящ, жьгъыжьгъщ: *лантIэ, **л**эжьапIэ, **л**ей, **л**ыдын, н.;*

*б*)**лъ** – бзэгубгъу-дзэбгъу макъ дэкIуашэ укъуэдиящ, дэгущ: ***лъ**абжьэ, **лъ**а-гъуэ, лъэгуажьэ, **лъ**эхъэнэ, н.;*

*в*) **лI** – бзэгубгъу-дзэбгъу макъ дэкIуашэ укъуэдиящ, пIытIащ, дэгущ: ***лI**эужь, **лI**ыгъэ, **лI**ыщхьэ, **лI**ыхъужь, н.*

**Бзэгупэ макъ дэкIуашэ укъуэдия з, с**

*а*) **з** – бзэгупэ, укъуэдия, щIэфие (свистящэ), жьгъыжьгъ макъщ: *зауэ, зэныб-жьэгъу, зэлъа, **з**ытхух, ма**з**э, н.;*

*б*) **с** – бзэгупэ, укъуэдия, щIэфие, дэгу макъщ: ***с**абиигъуэ, **с**анэ, **с**истемэ, **с**ы-хьэт, те**с**эн, н.*

**Бзэгупэ макъ дэкIуашэ лъылъылъ (шипящэ) укъуэдия ж, ш**

*а*) **ж** – бзэгупэ, укъуэдия, лъылъылъ, жьгъыжьгъ макъщ: ***ж**ан, **ж**эщ, **ж**эуап, **ж**ыджэр, **ж**ыIэщIэ, н.;*

*б*) ***ш*** – бзэгупэ, укъуэдия, лъылъылъ, дэгу макъщ: ***ш**ы, **ш**абзэ, **ш**эмэдж, **ш**хын, н.*

**Бзэгупэ макъ дэкIуашэ щIэфие-лъылъылъ (свистящэ-шипящэ)**
**укъуэдия жь, щ, щI**

а) **жь** – бзэгупэ, щIэфие-лъылъылъ, укъуэдия, жьгъыжьгъ макъщ: ***жь**антIэ, **жь**э, у**жь**э, **жь**ынду, **жь**ырытэдж, н.;*

*б*) **щ** – бзэгупэ, щIэфие-лъылъылъ, укъуэдия, дэгу макъщ: ***щ**акIуэ, **щ**апхъэ, **щ**э, мы**щ**э, **щ**хьэхуит, н.;*

*в*) **щI** – бзэгупэ, щIэфие-лъылъылъ, укъуэдия, пIытIа макъщ: ***щI**акIуэ, **щI**эблэ, **щI**энычгъэ, **щI**ымахуэ, **щI**ыIэрыс, н.*

**Бзэгуку макъ дэкIуашэ укъуэдия г, х, ху**

*а*) **г** – бзэгуку, укъуэдия, жьгъыжьгъ макъщ: *гыбзэ, гын, гъуэгын, бгы, н.;*

*б*) **х** – бзэгуку, укъуэдия, дэгу макъщ: ***х**эку, **х**ахуэ, гу**х**эхъуэ, **х**ы, **х**еящIэ, н.;*

*в*) **ху** – бзэгуку, укъуэдия, IупщIэIуш, дэгу макъщ: ***ху**абэ, **ху**эупсэн, **ху**щхъуэ, **ху**щIыгъун, н.*

**Бзэгу лъэдакъэ макъ дэкIуашэ укъуэдия *гъ, хъ, гъу, хъу***

*а*) ***гъ*** – бзэгу лъэдакъэ, жьгъыжьгъ, укъуэдия макъщ: ***гъ**атхэ, **гъ**эса, щы**гъ**ын, **гъ**ыбзэ, **гъ**эхъыбарын, н.;*

*б*) ***хъ*** – бзэгу лъэдакъэ, дэгу, укъуэдия макъщ: ***хъ**арбыз, **хъ**ыджэбз, **хъ**еин*, ***хъ**ы-бар*, н.;

в) ***гъу*** – бзэгу лъэдакъэ, жьгъыжьгъ, IупщIэIуш, укъуэдия макъщ: ***гъу**эзэджэ, **гъу**дэ, аб**гъу**э, ва**гъу**э*, н.;

г) ***хъу*** – бзэгу лъэдакъэ, дэгу, IупщIэIуш, укъуэдия макъщ: ***хъу**апсэ, **хъу**шэ, **хъу**мпIэцIэдж, ар**хъу**анэ*, н.

### 3. ЩIэжьыуэ макъ дэкIуашэ й, у, м, н, р

а) **й** – бзэгуку, укъуэдия, щIэжьыуэ макъщ. Макъ дэкIуашэ *й*-р псалъэ лъабжьэм хыхьэуи лъабжьэгъусэ морфемэуи къокIуэ. Псалъэм папщIэ, ***й**о[ё]джэ, **й**а[я]дэ, **й**а[я]лейуэ, къэкIуэре**й**, не**й**-не**й**уэ, адре**й**, де**й**, н.;*

б) **у**- IупитI, IупщIэIуш, укъуэдия, щIэжьыуэ макъщ: ***у**афэ, **у**эзджынэ, **у**дзгъэгъа, **у**бзэрэбзэн, етI**у**анэу, **у**мыщIэххэу, н.;*

в) **м** – IупитI, къыщиуд, щIэжьыуэ макъщ: ***м**ахуэ, **м**ыхьэнэ, **м**эзхъу**м**э, **м**ылIэ**м**ыпсэууэ, да**м**э, ар**м**ыхъумэ, гу**м**ахэ, н.;*

г) **н** – бзэгупэ, къыщиуд, щIэжьыуэ макъщ: ***н**апэ, **н**эмыс, а**н**э, **н**эгъуэщI, **н**ыбжьэгъу, **н**ыкъуэ-**н**ыкъуэ, уа**н**, щы**н**э, н.;*

д) **р** – бзэгупэ, кIэзыз, щIэжьыуэ макъщ: *аб**р**эмывэ, а**р**, нэ**р**ылъагъу, ма**р**дэ, лъэ**р**ымыхь, ку**р**ыт, зэ**р**ыгъуэтыжын, е**р**ыщ, н.*

### 4. ТэмакъыщIэ макъ дэкIуашэ укъуэдия хь, гI, гIу

Адыгэбзэм иIэщ тэмакъыщIэ макъ дэкIуашэ укъуэдияуэ щы – жьыпэу дэгу *хь*, жьыпэу жьгъыжьгъ *гI*, абы и IупщIэIущ лIэужьыгъуэ *гIу* –хэр.

Жьыпэу жьгъжьгъ *гI*-мрэ IупщIэуш жьгъыжьгъ *гIу* – мрэ дызыщрихьэлIэр хьэрыпыбзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэрщ. Псалъэм папщIэ, *гIид*, *гIэзаб*, *ГIумар,* н. Мыбыхэм хухэха хьэрф ди тхыпкъылъэм хэткъыми, ахэр къикIыу къигъэсэбэп *хь, гъу* хьэрфхэр: *хьид, хьэзаб, Гъумар*. Абы къокI зи гугъу тщIы макъ дэкIуашитIыр литературэбзэм къимыщтауэ.

***МАКЪ ДЭКIУАШЭХЭМ Я ЛЪЫР*** **(*ТАБЛИЦЭ*)**

| **Къыщыхъу щIыпIэр** / **Къызэрыхъу щIыкIэ** | | **IупитIым** | | **Iуп-дзэм** | **Бзэгупэм** | **Бзэгукум** | **Бзэгу лъэдакъэм** | | **ФIынщэм** | | **Тэмакъыщхьэм** | | **ТэмакъыщIэм** | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **IупщIэIумыщ** | **IупщIэIущ** | | | | **IупщIэIумыщ** | **IупщIэIущ** | **IупщIэIумыщ** | **IупщIэIущ** | **IупщIэIумыщ** | **IупщIэIущ** | **IупщIэIумыщ** | **IупщIэIущ** |
| **Къыщиуд** | *щIэжьыуэ* | м | | | н | | | | | | | | | |
| | *жьгъыжьгъ* | б | | | д | | | гу | | | кхъ | кхъу | I | Iу |
| | *дэгу* | п | | | т | | к | ку | | | къ | къу | | |
| | *пIытIа* | пI | | | тI | | | кIу | | | | | | |
| **Къыщиуд – укъуэдия** | *жьгъыжьгъ* | | | | дж дз | | | | | | | | | |
| | *дэгу* | | | | ч, ц | | | | | | | | | |
| | *пIытIа* | | | | кI, цI | | | | | | | | | |
| **Укъуэдия** | *щIэжьыуэ* | | у | | | й | | | | | | | | |
| | *жьгъыжьгъ* | | | в | в, жь, з | | г | | | | | | | |
| | *дэгу* | | | ф | ш, щ, с | | х | ху | | | | | хь | |
| | *пIытIа* | | | фI | щI | | | | | | | | | |
| **Бзэгу-бгъу дзэбгъу-хэм укъуэдия** | *жьгъыжьгъ* | | | | л | | | | | | | | | |
| | *дэгу* | | | | лъ | | | | | | | | | |
| | *пIытIа* | | | | лI | | | | | | | | | |
| **КIэзыз** | *щIэжьыуэ* | | | | р | | | | | | | | | |
| | *жьгъыжьгъ* | | | | | | | | гъ | гъу | | | | |
| | *дэгу* | | | | | | | | хъ | хъу | | | | |

КъызэщIэткъуэжмэ, макъзешэу мащIэ дыдэ фIэкIа зимыIэ адыгэбзэм (къэбэрдей-шэрджэсыбзэм) и макъ дэкIуашэхэр куэд мэхъу. Адыгэбзэр адрей бзэхэм къазэрыщхьэщыкIхэм ящыщщ зы макъ сатырыр жыгъыжьгъыу, пIытIауэ, дэгуу къызэрыкIуэр. Макъ дэкIуашэхэр иджырей адыгэбзэм гуэша щохъу: 1. къыщыхъу щIыпIэ елъытауэ: а) Iупэ макъхэр*:* ахэр егуэшыр *IупитI макърэ* (*б, п, пI, м, у*) *Iупэдзэ макъыу* (*в, ф, фI*)*;* б) бзэгу макъхэр*:* <u>*бзэгупэ макъхэр*</u>*: д, т, тI, дж, ч, кI, дз, ц, цI, з, с, ж, ш, жь, щ, щI, л, лъ, лI, н, р;* <u>*бзэгуку макъ*</u>*: й;* <u>*бзэгу лъэдакъэ макъхэр*</u>*: г, к, х, ху, гу, ку, кIу; в*) фIыншэ макъхэр*: гъ, гъу, хъ, хъу; г*) тэмакъыщхьэ макъхэр*: къ, къу, кхъ, кхъу;* д) тэмакъыщIэ макъхэр*: хь, I, Iу.*

2. Къызэрыхъу щIыкIэ елъытауэ макъ дэкIуашэхэр гуэша мэхъу: а) къыщиуд макъхэр: *б, п, пI, д, т, тI, к, гу, ку, кIу, къ, къу, кхъу, м, н, I, Iу;* б) къыщиуд-укъуэдия макъхэр: *дж, ч, кI, дз, ц, цI*; в) укъуэдия макъхэр: *в, ф, фI, г, х, ху, ж, жь, ш, щ, щI, з, с, т, у, хь, й;* г) кIэзыз макъхэр: *гъ, гъу, хъ, хъу, р;* д) бзэгубгъу-дзэбгъу макъхэр: *л, лъ, лI-хэр.*

ТегъэщIапIэ хъуа литературэр


1. *Балкаров Б.Х.* Фонетика адыгских языков. Нальчик: Эльбрус, 1970. 334 с.
2. Кабардино-черкесский язык. В двух томах. Т. I. / гл. редактор М.А. Кумахов. Нальчик: Эль-фа, 2006. 548 с.
3. *Кумахов М.А.* Сравнительно-историческая фонетика адыгских (черкесских) языков. М.: Наука, 1981. 288 с.
4. *Лопатинский Л.Г.* Краткая кабардинская грамматика. Русско-кабардинский словарь с указанием // В кн.: Сб. материалов для описания местностей и племен Кавказа. Вып. XII. Тб., 1981.
5. *Тау Хь.Т., Урыс Хь.Щ.* Адыгэхэм я бзэр зэлъытауэ. Налшык: КБИГИ, 2008. 159 н. (*Таов Х.Т., Урусов Х.Ш.* Язык адыгов в сравнении. Нальчик: Изд. отдел КБИГИ, 2008. 159 с.).
6. *Турчанинов Г.Ф., Цагов М.Б.* Грамматика кабардинского языка. Москва–Ленинград: Изд-во АН СССР, 1940. 159 с.
7. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэ грамматикэ. Фонетикэ, морфонемикэ, морфологие. Налшык: Эльбрус, 2001. 232 н. (Урусов Х. Ш. Адыгская грамматика. Нальчик: Эльбрус, 2001. 232 с.).
8. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэбзэм и тхыдэ. Налшык: Эльбрус, 2000. 358 н. (*Урусов Х.Ш.* История кабардинского языка. Нальчик: Эльбрус, 2000. 358 с.)
9. *Яковлев Н.Ф.* Таблицы фонетики кабардинского языка. М., 1923.


## СИСТЕМА СОГЛАСНЫХ КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОГО ЛИТЕРАТУРНОГО ЯЗЫКА

**Абазова Марита Мухамедовна**, кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), marita.abazova@yandex.ru

Статья посвящена анализу системы согласных в современном кабардино-черкесском литературном языке. В данном исследовании осуществлён комплексный подходе к оценке и систематизации широкого круга источников по сравнительно-исторической фонетике адыгских (черкесских) языков. В качестве источниковой базы выбраны труды ученых, в которых изучались те или иные аспекты адыгского консонантизма. Для восстановления некоторых фактов истории согласных, а также для определения закономерностей их употребления в кабардино-черкесском языке был использован комплекс методов и приемов: описательный, сопоставительный, сравнительно-исторический. Выделены троичная система согласных: звонкие – глухие – абруптивные, парная система спирантов: звонкий – глухой, а также пары лабиализованных и нелабиализованных согласных. Впервые в научный оборот запущено значительное количество новых лингвистических терминов, образованных на собственной языковой базе, которые заменят заимствования из других, в

основном из русского, языков. Автор – доктор филологических наук Б.Ч. Бижоев. Делается вывод, что фонологическая система согласных звуков образует два яруса, построенные на противопоставлении по звонкости – глухости, придыхательности и абруптивности, а также лабиализованности и нелабиализованности. Продемонстрировано, что кабардино-черкесский язык характеризуется сложной системой консонантизма, которая поддается четкой классификации.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, фонема, согласные звуки, консонантизм, звонкие согласные, глухие согласные, абруптивные звуки.

## THE SYSTEM OF CONSONANTS OF THE KABARDINO-CHERKESS LITERARY LANGUAGE

**Abazova Marita Mukhamedovna**, Candidate of Philology, Senior Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector of the Institute for Humanitarian Studies – branch of the Federal State Budgetary Scientific Institution «Federal Research Center «Kabardino-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IGI KBNC RAS), marita.abazova@yandex.ru

The article analyzes the system of consonants in the modern Kabardino-Circassian literary language. In this study, a comprehensive approach to the evaluation and systematization of a wide range of sources on comparative historical phonetics of Adyghe (Circassian) languages is carried out. As a source base selected works of scientists, which studied certain aspects of the Adyghe consonantism. To restore some facts of the history of consonants, as well as to determine the patterns of their use in the Kabardino-Circassian language, a set of methods and techniques was used: descriptive, comparative, comparative and historical. Selected ternary system of consonants: the voiced – deaf – abruptive, steam system aspirantov: ringing – deaf, as well as couples and labializing delabialization consonants. For the first time a significant number of new linguistic terms formed on their own language base have been launched into scientific circulation, which will replace borrowings from other languages, mainly Russian. Author doctor of Philology B. CH. Bizhoev. It is concluded that the phonological system of consonants forms a two layer, built on the contrast of voicing – voiced or voiceless, predicatability and abruptively and abilitanti and delabialization. It is demonstrated that the Kabardino-Circassian language is characterized by a complex system of consonantism, which can be clearly classified.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, phoneme, consonant sounds, consonant, voiced consonants, deaf consonants, abrupt sounds.

DOI: 10.31007/2306-5826-2019-3-42-115-121